UDK:93/94

# УСТИРТТЕГИ КӘРУАН ЖОЛЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА



***Қанаатов Есимқан Елсүйер улы*[1]**

**[1]*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты (номерсиз жай, П.Сейтов көшеси, 230203, Нөкис, Қарақалпақстан, Өзбекстан) докторанты***

https://orcid.org/0009-0001-6574-7530 E-mail: awada@mail.ru

# УСТЮРТДАГИ КАРВОН ЙЎЛЛАРИ ҲАҚИДА

***Қанаатов Есимқан Елсуйер ўғли*[1]**

**[1]*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти (рақамсиз уй, П.Сейтов кўчаси, 230203, Нукус, Қорақалпоғистон, Ўзбекистон) докторанти***

https://orcid.org/0009-0001-6574-7530 E-mail: awada@mail.ru

**Аннотация.** Мақолада ўрта асрларда ва сўнгги ўрта асрларда ривожланган Устюрт орқали ўтган Буюк Ипак йўлининг тармоқлари тўғрисида гап боради. Устюртда ўрта асрлардан буён карвон йўлларининг икки тармоғи ўтганлиги маълум. Йўлларнинг бири Марказий Устюрт бўйлаб Волга ва Ўролга кетган бўлса, иккинчи йўл Манғишлоққа йўналиш олган. Нўғай йўли деб номланадиган биринчи йўл Хоразм билан Булғорни боғлаган. Манғишлоқ трассаси эса Хоразм билан Хазарни туташтирган. Муаллиф Олтин Ўрда даврида ва Амир Темур ҳамда унинг ворислари ҳукмронлиги даврида Устюртдаги карвон йўлларининг ривожлангинлигига алоҳида тўхталади. Амир Темурнинг Олтин Ўрдага ҳарбий юришларидан кейин маълум вақт мазкур карвон йўлларида ҳаракат тўхтаб қолгани билан, буюк саркарла Амир Темур кейинчалик ушбу савдо йўлларини қайта тараққий эттирган. Мақолада, шунингдек, Устюртдаги карвон йўллари ҳақидаги илк манбалар, илк тадқиқот ишлари хусусида маълумот берилади.

# О КАРАВАННЫХ ПУТЯХ В УСТЮРТЕ

***Канаатов Есимкан Елсуйер ули*[1]**

**[1] *Докторант Нукусского государственного педагогического института им. Ажинияза (дом б/н, ул. П.Сейтов, 230203, Нукус, Каракалпакстан, Узбекистан)***

https://orcid.org/0009-0001-6574-7530 E-mail: awada@mail.ru

**Аннотация.** В статье говорится об ответвлениях Великого Шелкового пути, проходивших через Устюрт, сложившихся в средние века и позднем средневековье. Известно, что через Устюрт со времен Средневековья проходили две линии караванных путей. Одна из дорог шла через Центральный Устюрт к Волге и Уралу, а другая — к Мангышлаку. Первая дорога, названная Ногайской дорогой, соединяла Хорезм и Булгар. Магишлакское шоссе соединяло Хорезм и Хазар. В центре внимания автора развитие караванных путей на Устюрте в период Золотой Орды и в период правления Амира Темура и его преемников. После военных походов Амира Темура против Золотой Орды движение по этим караванным путям на некоторое время прекратилось, однако впоследствии великий полководец Амир Темур перестроил эти торговые пути. Также в статье приведены сведения о первых источниках и первых исследовательских работах о караванных путях на Устюрте.

# ABOUT CARAVAN ROUTES IN USTYURT

***Kanaatov Esimkan Elsuyer uli*[1]**

**[1] *Doctoral student at Nukus State Pedagogical Institute named after. Ajiniyaza (unnumbered house, P. Seytov st., 230203, Nukus, Karakalpakstan, Uzbekistan)***

https://orcid.org/0009-0001-6574-7530 E-mail: awada@mail.ru

**Abstract.** The article talks about the branches of the Great Silk Road that passed through Ustyurt, developed in the Middle Ages and the Late Middle Ages. It is known that two lines of caravan routes have passed through Ustyurt since the Middle Ages. One of the roads went through Central Ustyurt to the Volga and the Urals, while the other road went to Mangishlaq. The first road, called the Nogai road, connected Khorezm and Bulgar. Maghishlaq highway connected Khorezm and Khazar. The author focuses on the development of caravan routes in Ustyurt during the period of the Golden Horde and during the reign of Amir Temur and his successors. After Amir Temur's military campaigns against the Golden Horde, traffic along these caravan routes ceased for some time, but subsequently the great commander Amir Temur rebuilt these trade routes. The article also provides information about the first sources and the first research works about caravan routes in Ustyurt.

**Калит сўз:** карвон йўли, Устюрт, карвон сарой, савдо, маданият, Ғарб ва Шарқ.

**Ключевые слова:** караванный путь, Устюрт, караван сарай, торговля, культура, Запад и Восток.

**Keywords:** caravan route, Ustyurt, caravanserai, trade, culture, West and East.

Үстиртте орта әсир ҳәм кейинги орта әсирлерде тийкарынан еки кәрўан жолы болған. Бул жолларды дәслеп 1946-жылы С.П.Толстов бақлаў тәризинде алып барған жумыслары барысында анықлады. Жоллардың бири Орайлық Үстирт бойлап Волга ҳәм Оралға қарай кеткен болса, екинши жол Барсакелмес шор көлин айланып батысқа – Маңғыстаўға қарай бағдар алған [1, 49-50]. Үстирт арқалы өткен усы еки кәрўан жолының бири – *Ноғай жолы (Үстирт жолы)* деп аталып, ол Хорезм менен Булғарды байланыстырып турған. Екиншиси, яғный Аланқала үстинен өтетуғын жол *Маңғыстаў трассасы* деп аталып, Хорезм менен Хазарды байланыстырған. *Маңғыстаў трассасы* арқалы Орта Азия халықлары ҳажы сапарына да атланған.

Орта әсирлерде Үстирт платосынан өткен Уллы Жипек жолының арқа тармағы бойында аралығы 25-30 км қашықлықта кәрўан сарайлар қурылған. Үстирт ҳәм Маңғыстаўдағы саўда жолы бойындағы орта әсирлик археологиялық естеликлерди изертлеген қазақстанлы алым М.Қалменовтың көрсетиўинше, бул саўда жоллары қублада Үргениш қаласынан шығып, еки тармаққа бөлинген, оның биринши тармағы Айбүйир арқалы өтип, Қасқажол қулаўынан Үстиртке көтерилип ары қарай Үшқудық, Әжигелди, Қосбулақ, Белеўли, Шурық, Қусшы, Жезли, Белдеўли (Көптам), Мыңсуўалмас (Қосқудық), Ушқан кәрўан-сарайлары үстинен жүрип, Хан ордасы Сарайшық қаласынан – Жайық бойына, Европаға қарай жол алған. *Ноғай жолы* деп аталатуғын бул маршрут бойынша ҳәзирги күнде Қоңырат-Бейнеў темир жолы ҳәрекет етпекте.

*Маңғышлақ даңғылы* яки *Үлкен Хорезм жолы* (базы дереклерде *Хийўа тракты* деп те аталады) деп аталатуғын екинши кәрўан жол Үргеништен шыққаннан кейин Адаққалаға соғып, Шемахақаланың қулаўы арқалы платоға көтериледи. Сол жердеги үлкен қала Дәўкескенге барып, соң қубла-батыс Үстирт жазықлығы менен Барсакелмес шорының қубла тәрепинен айланып өтип, Аланқалаға барады. Оннан ары қарай Қызылқала, Шерқала, Әмир, Қаңға-баба, Қараған, Кетиккала арқалы Каспий теңизине шығып, ол арқалы Астрахан (Хаджи-Тархан), Дәрбент, Баку қалаларына жеткен [2, 181].

Шемахақала Ибн Фадланның “Күнделиги” арқалы да мәлим болып, орта әсирлерде түрклер дәрўазасы (Баб-ат-турк) — “Замжан” деген атқа ийе рабат болған [3]. Қала XII-XV әсирде Хорезмниң ири саўда-өнерментшилик орайы сыпатында белгили еди. Археологиялық қазылмалар нәтийжесинде Шемахадан табылған целадон, люстра, минай, кобальт реңли гүзелер, Алтын Орда теңгелери, ақ қайың қабығы орамлары қаланың Қытай, Араб, Едилбойы үлкелери менен саўда байланыслары болғанлығын көрсетти [4, 69].

Үстирттеги бул саўда кәрўан жоллары ҳәр дәўирде гә тоқтап, гә қайта жанланып отырған. Монғоллар басқыншылығынан кейин бир әсирге жылға шамалас пассив болып қалған саўда қатнасықлары XIV әсирдиң биринши ярымынан баслап қайта ҳәрекетке келе баслады. Усы дәўирде Алтын Орда территориясында

TAMADDUN NURI

турақлы халықаралық саўда транзити коммуникациялары пайда болып, зор пәт пенен раўажланды. Сондай коммуникациялардың бири – Хорезмнен Едил бойына бағдарланған усы бурынғы кәрўан жолы еди. Үргеништен Сарайшыққа дейинги бираз бөлими Үстирт арқалы өткен бул жолдың гүлленген дәўири Өзбек хан тусына, яғный 1312-1342 жылларға туўра келеди. Бул ўақыт тек Өзбек ханның ғана заманы емес, оның әўладлары Жәнибек пенен Бердибектиң Алтын Ордаға ҳүкимранлық еткен 1342-1370 жыллар заманы.

Алтын Орда менен Ҳиндстан арасындағы саўданың тийкарғы бабы, Ибн Баттутаның пикиринше, «қыпшақ жылқылары» болды, олардың ҳинд базарларындағы қуны бастағы баҳалары менен салыстырғанда 30 есеге дейин өскен [5]. Бундай жылқылар әлбетте Үстирттеги көшпелилерде де болды.

Үстирттеги кәрўан жоллардың Алтын Орда дәўиринде гүллеп-жайнағанына бирқатар археологиялық табылмалар мысал бола алады. 1975-1978 жыллары Н.Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтының археология бөлими тәрепинен алып барылған Орайлық Үстирттеги кәрўан сарайлардан табылған 41 дана теңгелер, гүзе буйымлар [6, 170-182] усыған дәлил.

Усы жолдың әҳмийети 1390-жылларға келип, Әмир Темирдиң Алтын Ордаға ҳәм Хорезмге атланыслары дәўиринде ўақтынша үзилиске түсти. Деген менен Уллы сақыбқыран ҳәм оның әўладлары бул жоллардың қайта тикленип, раўажланыўына да үлкен шараят жаратты, Жипек жолындағы руўхый-экономикалық байланысларды жаңа басқышқа көтерди. “Кәсип өнер ҳәм илим халқынан болса, ондайларға салтанат кәрханаларынан жумыс берилсин” деген пәрман шығарып, уллы Әмир Темир кәрўан жолларын жақсылаў, оларды түрли талан-таражлықлардан қорғаў, илимли халқына қолайлы имканиятлар жаратыў ислерине айрықша итибар қаратты [7, 54]. Бул жаратылған имканияттан усталар, алымлар, шайырлар, ойшыллар өнимли пайдаланып келди. Нәтийжеде монғоллар атланыслары дәўиринде тоқтап қалған Ренессанс дәўириндеги мәдений өсиўшилик қайта жанланды. Әмир Темир дәўиринде Аралбойы қалалары да қайтадан қәддин тиклеп, жанлана баслады. Қат, Үргениш, Адақ, Дәўкескен-Ўәзир, Шемахақала, Болдумсаз сыяқлы онлап қалалар раўажланды. Уллы сақыбқыранның өзи Дешти Қыпшақтан қайтып киятырып, өз әмирлериниң бирине Үргеништи қайта тиклеўге буйрық берген [8, 119]. Қалада саўда-өнерментшилик раўажланып, өзиниң бурынғы әҳмийетин қайта тикледи. 1558-жылы қалаған келген Москва-Лондон саўда үйи агенти Антони Женкинсон гезлемелерин усы жерде сатты. Ол қалада узын саўда көшесиниң жайласқанын, онда үсти жабық базар (чорсу) барлығын еске түсиреди. Буннан басқа да қалаларда үй-жай, өнерментшилик кварталлары, саўда орынлары ҳәм тағы басқа да қурылыслар болған.

Гурганж (Үргениш) қаласының бурынғы орны Ташқаладан XV-XVI әсирлерге тийисли Бухарада басып шығарылған теңгелер табылған. Бул Үргеништиң Бухара менен саўда қатнасларын алып барғанын көрсетеди. Үстирт чинкинде жайласқан Ўәзир қаласынан да темурийлер заманының теңгелери табылған. Майда мыс теңгелерде қус ҳәм ҳайўанлардың сүўрети сәўлеленген [9, 48].

Әмир Темир тарийхшысы Ибн Арабшаҳ өзиниң “Темур тарийхы” китабында темурийлер дәўиринде Үстирт арқалы Қырымға шекем саўда жолы болғанлығын жазып қалдырған.

Кәрўан жоллары менен сарайлары – белгили бир дәўирдеги экономикалық раўажланыўдың көрсеткиши болып табылады. Транзитлик саўда жолының бойында кәрўан сарайларды салыўға, оған хызмет етиўге, оларды қорғаўға белгили бир муғдарда инсан ресурсларының усы жоллар бойына топланыўын талап етпи, себеби, базар заңы қай ўақытта да усыған мүтәж. Сарайды қорықлаў, саўдагерлерге хызмет көрсетиўден басқа саўда жоллары сол жолдың есабынан күн көретуғын, ямаса оны қорғайтуғын, яки тонайтуғын топарларды да өзине тартып турды. Усының ҳәммеси жолға жақын кеңисликте адамлардың топланыўына себеп болды.

Маңғыстаў-Үстирт аймағындағы кәрўан ҳәм көш жолларының маршрутлары жөнинде Әбиш Кекилбаевтың «Уйқыдағы арыўдың ояныўы» китабында көрсетилген [10, 14-15]. Бундағы маршрутлар негизинен XIX әсирдеги

жоллар болғаны менен, усы кәрўан жолларының мыңлаған жыллар өтсе де көп өзгере қоймағанлығын, яғный хорезмшаҳлар заманындағы саўдагердиң жүрип өткен жолын, түнеген қудықларын XIV әсирдиң саўдагери де, XIX әсирдиң саяхатшысы да басып өткенин шамалаўға болады.

Батыс пенен Шығысты байланыстыратын ең атақлы усы кәрўан жолының *Ноғай жолы* атанған бир тармағынан Ибн Батутта Хорезмге барған болса, Ибн Фадлан Булғарияға өткен. *Ноғай жолы* ҳаққында орыс география жәмийетиниң тийкарын салыўшылардың бири А.Левшин: *“Сарайшық қаласынан Хийўаға дейин Арал ҳәм Каспий теңизлерин бөлип турған плато арқалы өтетуғын бирнеше жол бар, соның ишинде ең жақсысысы усы”,* – десе, белгили археолог С.Толстов бул жолды *“Едилге баратуғын үлкен патша жолы”* деп атаған. Ал отырарлық тарийхшы Әл-Жаўҳарий: *“Жипек жолының үлкен тармағы ең дәслеп Киев Русинен, Булғар жеринен өтип, Үстирт үсти менен Аралды айланып, Жент қаласына жетеди”* [11], - деп жазып қалдырған.

Жол бойында өз дәўиринде көплеген қала ҳәм кәрўан сарайлар салынғанлығы ҳаққында орыс география жәмийетиниң ағзасы, саяхатшы офицер М.Иванин: *“XIV әсирде Хийўадан Қырымға сапар шеккен адамға өзи менен бирге ҳештеңе алып шықпаса да болады, өйткени жаныңа керек заттың бәри де жол бойындағы кәрўан сарайлардан табылады”,* — деп жазса, белгили шығыстаныўшы А.Якубовский Алтын Орда дәўиринде бул кәрўан сарайлар саўдагерлер менен жергиликли бай адамлар аўқамының ортақ меншигинде болғанын мәлим етти. Ал, Ә.Кекилбаев: *“Үстирт үсти менен өтетуғын Ноғайлы жолында да, Маңғыстаў арқалы өтетуғын ески Хийўа жолында да 25-30 шақырым сайын суўы ашшы болсын, душшы болсын әлбетте қудық гезлеседи де, ал 100-150 шақырым сайын душшы суў көзи — булақ яки қудық ушырасып турады. Шамасы, суў көзлериниң бундай орналасыўы шөл дүзде бир күнлик жол жүргеннен кейин көликти суўғарып, ал үш-төрт күн сайын жолға алынатуғын аўыз суўды жаңалап отырыўды гөзлеген есапқа қурылған болыўы керек”* – деп жазды [11].

Қонақ жайлар менен кәрўан-сарайлар кәрўан өтетуғын жерге жақын булақлар, қудықлар ямаса суў жыйналатуғын тақырлық жерлердиң жанында орналасты. Ықшам қамал түриндеги тийкарғы иморатлар саўдагерлер, абырайлы адамлар ҳәм бай саяхатшылар ушын қонақ жай хызметин атқарды. Бунда шағын бөлмелер, асхана, сондай-ақ, товарларды сақлаўға арналған қоймалар да болды. Кәрўан-сарайлар хабаршылар атларын аўыстырып алатуғын почта бәндиргиси ролин де атқарды. Жақын жерге орналастырылған кишигирим әскерий отряд усы аймақтағы саўда жолларын қорықлаў ҳәм бақлаўға жуўапкер болды. Кәрўан-сарайлардың айналасында шопанларға, қорықшыларға, қоныс аўдарған турғынларға арналған кишигирим аўыллар да болды.

1825-1826 жыллары полковник Берг басшылығындағы Үстиртке болған дәслепки илимий экспедиция бойынша жазылған мийнетте: *“XIX әсир орталарында “Ноғай жолы” ҳәрекетсиз қалды, кәрўанлар Оренбургтан Хийўаға ҳәм Үстирт арқалы кери ҳәр қыйлы жоллар менен қатнады”*[12, 21], - деп жазылған.

Бизиң пикиримизше, *Ноғай жолы*ндағы ҳәрекетсизлик XVIII әсирде-ақ пайдаланыўдан шыққанға уқсайды. Себеби, Үстирттеги ҳәм Каспий теңизиниң шығыс жағалығындағы мудамы қарақшылық ҳәм көшпелилердиң тонаўшылығы себепли Уллы Петр саўда жолларын Каспий теңизи арқалы өткериў кереклигин түсинип, Қырғыз даласынан (Үстирттен) өтетуғын узын ҳәм қолайсыз ески *Ноғай жолын* өзгертиўге қарар еткен [13, 31].

Италиялық саўдагер Франческо Пегелотти саўда жумысларына арналған «Саўдагерлерге әмелий көрсетпе» (1310 -1340 ) атлы шығармасында да олар келген саўда кәрўаны *“Сарайчадан Үстирт-Гургендж бағдарында түйе арбаларда 20 күнде жетип барды”* делинген [14, 80]. Пегелотти нәзерде тутқан жол кейин ала Ноғай жолы деп аталған. Бул жол бойындағы кәрўан сарайлар Испанияда дүзилген «Каталония атласы», ағайинли Пицицанилер картасында (XV әсир) латынша атамаларда ушырасады [15, 138].

XIX әсирдиң екинши ярымында А. И. Левшин *“Описание киргиз-казачьих или киргиз-*

*кайсацких орд и степей”* шығармасында: *“Эмбадан Үстирт арқалы басқа жол менен, ягный Жилди таўлары арасынан, Тасас булағынан өтип, Коптам жолы, Қусе (ҳаслында Қусшы - Е. Қ.) ҳәм Шурук қудықлары арқалы, Биляулитам қарабаханалары, Қусбулақ қудуғы, Ишекақорған жоллары арқалы өтеди”* [16], деп *Ноғай жолы* маршрутын көрсетеди.

1803-жылда Оренбург бажыхана мәкемемеси Уралдың төменги ағымынан (Сарайшық постынан) Үстирт арқалы Хийўаға шекемги болған Ески Ноғай жолының бағдарын өз ишине алған “Хийўа ханлығы характеристикасы”н дүзеди. Онда Ески Ноғай жолы бойындағы ең зәрүрли пунктлер көрсетип өтилген.

Солай етип, Үстирт арқалы өткен кәрўан жоллары әсирлер даўамында Шығыс пенен Батысты байланыстырып турған әҳмийетли трасса болды. Бул саўда жоллары еллер арасындағы тек экономикалық байланысты ғана емес, ал мәдений қатнасықларды да раўажландырды.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**


1. Толстов С.П. Древнехорезмийская цивилизация в свете новейших археологических открытий (1937-1945). Общее собрание АН ССР 1-4 июля.

2. Калменов М. Археологические памятники Устюрта и Мангистау на средневековых караванных путях (X-XIV вв.). Диссертация на соискание ученой степени кандидата исторических наук, Казань, 2013

3. Дневник Ибн Фадлана: «Когда они утром встали, верблюды были мертвы от силы холода» URL: https://milliard.tatar/news/dnevnik-ibn-fadlana-kogda-oni-utrom-vstali-verblyudy-byli-mertvy-ot-sily-xoloda-1386

4. Кдирниязов М.-Ш. Алтын Орда ҳәм Түслик Арал бойы мәденияты. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1995.

5. Гузейров Р.А. Товарно-денежные отношения и караванные пути Хаджитархана в XII-XIV веках. URL: https://cyberleninka.ru/article/n/tovarno-denezhnye-otnosheniya-i-karavannye-puti-hadzhitarhana-v-xii-xiv-vekah

6. Манылов Ю.П., Юсупов Н.Ю. Караван-сараи Центрального Устюрта // Советская археология. 1982. № 1.

7. Темур тузуклари. – Тошкент: Адабиёт ва санъат, 1991.

8. Шарафуддин Али Яздий. Зафарнома. – Тошкент: Чўлпон, 1992.

9. Хожаниязов Г., Хакимниязов Ж. Городище Дэвкескен-Вазир. – Нукус: Билим, 1993.

10. Кекілбаев Ә. Ұйқыдағы арудың оянуы. – Алматы: Қазақстан, 1979.

11. Үстірт керуен жолындағы Сам қаласы. URL: https://martebe.kz/stirt-keruen-zholynda-y-sam-alasy/?ysclid=lusvvel3r983729908

12. Первые русские научные исследования Устюрта. – М.: Изд-во АНСССР, 1963.

13. Исторические очерки русской торговли с Средней Азии // Московская Университетская Известия, №. 5, 1869 г.

14. Кдырниязов О.-Ш., Юсупов О.Ж., Кдырниязов М.-Ш. Белеули карвон саройи (Тадқиқотлар ва экологик аҳволи) // ҚҚДУ Ахборотномаси, 2017, №2.

15. Егоров В.Л. Историческая география Золотой Орды в XIII-XIV вв. – М., 1985.

16. Левшин А. И. Описание киргиз-казачьих или киргиз-кайсацких гор и степей. XI. URL:http://kungrad.com/history/biblio/galkin4/lev10/


TAMADDUN NURI